

## **BAB III**

### **METODE PANALUNGTIKAN**

Dina ieu bab ditétélakeun perkara métode panalungtikan nu ngawengku desain panalungtikan, téhnik panalungtikan (ngawengku téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data), instrumén ngumpukeun data, jeung data katut sumberna.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain mangrupa wangun rancangan panalungtikan nu patali jeung naon nu baris ditalungtik. Ari panalungtikan bisa dihartikeun salaku laporan dumasar panalungtikan ilmiah kana hiji hal atawa variabel (*Kamus Besar Bahasa Indonesia /offline/*). Bisa dicindekkeun yén desain panalungtikan mangrupa wangun rancangan panalungtikan nu patali jeung naon nu baris ditalungtik, nu dipungkas ku nyieun laporan dumasar panalungtikan/naon nu kapanggih tina panalungtikan.


Desain panalungtikan raket patali jeung pamarekan katut métode panalungtikan. Pamarekan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif, nu ngagunakeun prosedur analisis tanpa statistik. Gunana minangka tarékah ngawangun sawangan panalungtik kana naon nu ditalungtik kalawan rinci, diwangun ku kekecapan, mangrupa gambaran holistik sarta rumit (Moleong, 2012, kc. 6).

Saluyu jeung éta pamarekan dina ieu panalungtikan digunakeun métode déskriptif, ku cara ngadéskripsikeun fakta-fakta, nu dituluykeun ku analisis (Ratna, 2014, kc. 34). Ari gunana pikeun ngungkulan jeung ngaréngsékeun pasualan-pasualan faktual kalawan léngkah-léngkah panalungtikanana ku cara ngumpulkeun data, nyusun papasingan data, nganalisis, tur napsirkeun data (Arikunto, 2013, kc. 270).

Tina pertélaan di luhur bisa dicindekkeun yén métode panalungtikan déskriptif analisis mangrupa métode nu dilaksanakeun pikeun manggihan pasualan-pasualan faktual, nu dituluykeun ku analisis.

Dumasar kana pamarekan jeung métode nu dipaké, desain dina ieu panalungtikan bisa digambarkeun dina bagan cara ieu di handap.

### Bagan 3.1 Desain Panalungtikan



## 3.2 Téhnik Panalungtikan

### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik talaah pustaka jeung analisis téks. Téhnik talaah pustaka mangrupa kagiatan niténan, neuleuman, nalaah jeung ngaidéntifikasi pangaweruh. Dilaksanakeun ku cara neuleuman buku-buku sumber anu aya patalina jeung konsép teoritis katut pertélaan ngeunaan panalungtikan (Arikunto, 2013, kc. 266). Udagan tina ieu téhnik taya lian ti maluruh soal struktur genetik kaasup ajén atikan karakterna. Buku-buku jeung hasil panalungtikan nu ngarojong kana ieu panalungtikan di antarana: *Kamus Basa Sunda* (Danadibrata, R. A. medal taun 2009); *Kurikulum dan Pembelajaran* (Tim Pengembang MKDP, medal taun 2013); *Wawacan Perang Cina di Rizal Hadiansyah, 2020*

**ULIKAN STRUKTURAL JEUNG AJÉN ATIKAN KARAKTER DINA WAWACAN CARITA PERANG CINA DI TANJUNGPURA KABUPATEN PURWAKARTA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

*Tanjungpura Kabupaten Purwakarta* (Ekadjati, medal taun 2000); *Wawacan: Sebuah Genre Sastra Sunda* (Ruhaliah, medal taun 2018); *Pendidikan Karakter Berbasis Sastra* (Wibowo, medal taun 2013); *Métode Penelitian Sastra; Sebuah Penjelajahan Awal* (Faruk, medal taun 2015); *Pengantar Sosiologi Sastra* (Faruk, medal taun 2015).

Ari léngkah-léngkah dina ngumpulkeun data nyaéta:

- a. Nyirian nu mana nu kaasup struktural formal, struktur naratif wawacan WCP, dikodeuan tuluy diasupkeun kana kartu data;
- b. Nyirian pada atawa padalisan nu dianggap ngandung ajén atikan karakter;
- c. Nyalin data bari dikodeuan;
- d. Nyusun struktur génetikna, ngaguar fakta kamanusaan, subjék koléktif, strukturasi, sawangan dunya, maham-nétélakeun;
- e. Nyieun papasingan data.

### 3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data dikumpulkeun, tuluy dianalisis. Ari nganalisis data mangrupa prosés ngatur runtuyan data, ngasup-ngasupkeun data kana hiji pola, katégori, jeung hiji uraian dasar (Patton dina Moleong, 2012, kc. 280). Nganalisis data dicangking ku cara ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan-aturan nu tangtu, dumasar kana pamarekan panalungtikan atawa desain panalungtikan nu dipaké ku panalungtik (Arikunto, 2013, kc. 281).

Tina pamadegan para ahli soal ngolah sarta nganalisis data bisa dicindekkeun yén ngolah atawa nganalisis data mangrupa prosés ngaorganisasikeun ogé ngaruntuykeun data kana pola, katégori, jeung pertélaan dumasar kana aturan-aturan nu tangtu cara pamarekan jeung desain panalungtikan nu dipaké ku panalungtik.

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur sarta ajén nu nyangkaruk dina téks WCP anggitan H. Muhammad Umar anu ditransliterasi ku Edi S. Ekadjati. Éta data diolah ngaliwatan téhnik analisis unsur langsung (*immediate constituent analysis*), léngkah-léngkahna cara ieu di handap.

- 1) Niténan deui data nu geus dikumpulkeun.

- 2) Nyieun papasingan data.
- 3) Nganalisis struktur formal.
- 4) Nganalisis struktur naratif.
- 5) Nganalisis struktur genetik.
- 6) Ngadéskripsikeun ajén atikan karakter.
- 7) Napsirkeun ajén atikan karakter.
- 8) Nyieun kacindekan ngeunaan panalungtikan tina naskah WCP anggitan H. Muhammad Umar anu ditransliterasi ku Edi S. Ekadjati.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén diperlukeun pikeun ngajaring data. Data mangrupa bahan nu kacida pentingna pikeun ngajawab sakumna masalah dina panalungtikan. Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur sarta ajén atikan karakter nu dumasar naskah WCP. Instrumén panalungtikan mangrupa alat/fasilitas nu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2013, kc.263).

Instrumén dina ieu panalungtikan kabagi jadi: (1) intrumén pikeun ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén nu mantuan panulis dina nyieun papasingan kandaga kecap nu patali jeung wawacan. Dina kartu data téh dieusi ku informasi ngeunaan (1) data naskah dumasar pola struktural formal; (2) data naskah dumasar pola struktural génétik; (3) data pada atawa padalisan nu ngandung ajén atikan karakter. Conto kartu data nu digunakeun kayaning ieu di handap.

#### Conto Kartu Data:

<p>Analisis Struktur Formal (hal/pada/padalisan/pupuh)</p> <p><u>Analisis</u> Pupuh..... ..... Guru lagu jeung guru wilangan Pedotan jeung wirahma Adegan Watek pupuh jeung sasmita</p>	<p>Analisis Struktur Naratif (hal/pada/padalisan/pupuh)</p> <p><u>Analisis</u> Pupuh..... ..... Tema Fakta carita Sarana carita</p>	<p>Analisis Struktur Génétik (halaman/pada/padalisan/pupuh)</p> <p><u>Analisis</u> Pupuh..... ..... fakta kamanusaan: subjék koléktif: sawangan dunya: maham-pertélaan: kagemblengan-bagian</p>
---	---	---

### 3.4 Data jeung Sumber Data

#### 3.4.1 Data

Inti tina hiji panalungtikan nyaéta kakumpulna data atawa informasi nu satuluyna diolah atawa dianalisis tur hasilna diinterpretasikeun salaku kacindekan panalungtikan. Data nu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta téks *Wawacan Carita Perang Cina di Tanjungpura Kabupatén Purwakarta* (saterusna bakal disigget WCP). Sacara singget ieu WCP nyaritakeun kaayaan atawa suasana pindahna Ibukota Kabupatén Karawang ti Wanayasa ka Purwakarta. Kaayaan nu tadina tingtrim jadi pikaketireun ku lantaran Cina ngahuru, ngaranjah jeung ngarusak gudang-gudang jeung kota anu karék diwangun. Antukna katagiwuranana téh wartana nepi ka Bupati Cianjur nyaéta Dipati Prawiradirja. Cina bisa ditumpes kulantaran aya kuntribusi ti unggal pihak boh ti kolonial keresidénan boh kabupaten kaasup masarakat biasa.

#### 3.4.2 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan mangrupa naskah digital. Ieu naskah téh mangrupa naskah angitan Haji Muhammad Umar anu ditransliterasi ku Edi S. Ekadjati. Naskah ieu ogé mangrupa salah sahiji koléksi naskahna K. F. Holle anu aya di Perpustakaan Nasional di Jalan Salémba Raya No. 29A Jakarta nu dijudulan “Crita Prang Cina di Tanjungpura Kabopaten Purwakrêta” (Cerita Perang Cina di Tanjungpura Kabupatén Purwakarta). Ieu naskah kandelna aya 74 kaca dikodeuan SD 108 sarta ditulis dina kertas pabrik buatan Éropah anu ukuran 32,6 x 21,2 cm diunggal kacana aya 21 baris kalayan ukuran ruang pikeun tulisanna 27 x 18 cm. Salian ti éta ogé di jerona aya cap kertas (*water mark*) wangunna mangrupa buleudan gambar singa nu suku hareupna nyekel iteuk, gambar mahkota, sarta ditulis *Concordia* (ilikan Ekadjati, 2000).